

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa Sunda mangrupa salah sahiji basa daérah nu aya di Indonesia, nya éta di daérah Pasundan. Basa Sunda loba mangpaatna dina kahirupan sapopoé, salian ti pikeun komunikasi, Basa Sunda ogé bisa dipaké dina sagala widang, di antarana nya éta dina widang paélman, seni, agama jeung sajabana.

Basa Sunda minangka basa indung pikeun masarakat Pasundan. Tapi dina jaman kiwari, urang Sunda loba nu kapangaruhan ku kabudayaan luar, utamana di kalangan rumaja, jadi gedé kamungkinanana basa Sunda bakal leungit. Ku kituna salaku urang Sunda, urang kudu bisa ngajaga, ngariksa tur ngamumulé basa Sunda sangkan teu leungit.

Basa miboga kalungguhan penting dina kahirupan sapopoé. Basa mangrupa alat pikeun komunikasi anantara hiji jalma jeung jalma séjénna. Éta sababna, basa mangrupa hiji sistem lambang omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (semantis) tur ragem (konvensional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat, 1991:1).

Tata basa dina harti anu jembar nya éta minangka sistem basa anu miboga sababaraha subsistem kayaning tata sora, tata kecap, tata kalimah, jeung tata wacana (Sudaryat, 2007:10).

Tata kecap mangrupa salah sahiji bagian tina tata basa, anu maluruh kecap, cara ngawangunna, selang-surupna, sarta patula-patalina karna harti jeung warna

kecap. Kecap mangrupa wangun basa pangleutikna anu miboga harti sarta bisa mandeg mandiri. Adegan kecap raket patalina jeung kabeungharan kecap (léksikon).

Kabeungharan kecap miboga sababaraha harti, diantarana nya éta (1) sajumlahing kecap anu aya dina hiji basa, (2) kecap-kecap anu geus dipikanyaho jeung dipaké ku hiji jalma atawa kelompok jalma di hiji wewengkon, (3) sajumlah morfém anu aya dina hiji basa, (4) kecap-kecap anu dipaké dina élmu pangaweruh, jeung (5) daftar sapuratina kecap atawa ungkara anu disusun dumasar kana susunan aksara latén (alfabétis) tina hiji basa, biasa na dilengkepan ku wangenan jeung katerangan (Sudaryat, 1995:70).

Kamampuh basa mangrupa kaparigelan anu ngawengku kana opat komponén nya éta, kaparigelan nyarita, kaparigelan maca, kaparigelan nulis jeung kaparigelan ngaregepkeun. Ngaliwatan opat komponén, manusa bisa ngalakukeun komunikasi sarta intérsaksi jeung manusa sejenna. Kitu deui dina pangajaran anu miboga tujuan sangkan murid ngawasa opat komponén kaparigelan basa. Salasahiji komponén basa anu kudu dimekarkeun nya éta ngaregepkeun. Ngaregepkeun nya éta ngadéngékeun tur museurkeun panitén kana saukur anu diomongkeun kunu nyarita nepikeun ka maksudna kaharti. Ieu luyu jeung pamadegan HG. Tarigan, 1986: 31 ,nya éta :

“menyimak adalah suatu proses kegiatan menyimak lambing-lambang lisan dengan penuh perhatian, pemahaman, apresiasi, serta interpretasi untuk memperoleh informasi, menangkap isi atau pesan serta memahami makna komunikasi yang telah disampaikan oleh sang pembelajar melalui ujaran atau bahasa lisan”.

Nurutkeun hasil panalungtikan Rankin dina Isah Cahyani (2002) netelakeun yen aktivitas ngaregepkeun teh mangrupa aktivitas anu panglobana kahiji dipilampah lamun di bandingkeun jeung tilu kamampuh sejen na. Aktivitas nulis 9% sedengkeun maca 16%, nyarita 30%, ngaregepkeun 45%.

Dumasar kana katerangan di luhur, ngaregepkeun dina kahirupan sapopoé kalintang pentingna kusabab bakal ngabogaan informasi keur nambahan wawasan jeung pangaweruh. Ku kituna ogé pikeun ngaronjatkeun kamampuh minat ngaregepkeun pikeun siswa perlu diayakeun kagiatan pembelajaran anu leuwih variasi latihan anu intensif.

Paristiwa ngaregepkeun pasti dimimitian ku cara ngadéngékeun sora basa sacara langsung atawa ngaléwatan rekaman radio atawa televisi. Sora basa anu kadéngé ku ceuli ka indentifikasi ku sora. Dikelompokeun jadi suku kata, frasa, klausa, kalimat jeung wacana. Intonasi anu diomongkeun ogé ngili diperhatikeun ku anu ngaregepkeun. Sora basa anu ditarima terus diinterpretasikeun maknana, ditelaah kabeneranna atawa dinilai terus dicokot kaputusan narima atawa ditolak. Kusabab kitu perlu dihartikeun deui yén ngaregepkeun nya éta hiji prosés anu nyakup kagiatan ngadengekeun sora basa, ngaidentifikasi, ngainterpretasi, niley jeung ngaréaksi makna anu aya di jerona. Ngaregepkeun ngalibatkeun *pendengaran, penglihatan, ingatan, pengertian*

Pikeun conto, loba keneh siswa anu kurang ngawasa kana kamampuh ngaregepkeun tur ngalaman kahéngkeran lantaran kurang parigel ngaregepkeun. Ku kituna optimalisasi dina pangajaran ngaregepkeun dongéng anu dilakukeun ku guru tétéla kacida pentingna. Dina panalungtikan ieu panulis nerapkeun métode

Sugestopedia salaku alternatif pikeun ngaoptimalisasi pangajaran ngaregepkeun siswa menengah pertama.

Umumna rasa hésé anu sering dirandapan ku siswa dina pangajaran ngaregepkeun dongéng anu antukna kagiatan ngaregepkeun sok dianggap hiji beban. Katambah minat siswa kana ngaregepkeun masih keneh kurang hal ieu katiténan nalika panulis manggihan permasalahan dina pangajaran ngaregepkeun dongeng di SMP. Siswa ngarasa hésé dina ngagundukeun kecap-kecap anu merenah, biasana pangajaran ngaregepkeun ngagunakeun métode konvensional (ceramah). Hal ieu anu ngalantaranankeun siswa males ngaregepkeun dongéng dina ngébréhkeun ide-ide na.

Kadariaan siswa dina diajar ngaregepkeun ditangtukeun ku alternatif modél pangajaran anu dipaké jeung dimekarkeun ku guru. Dina pangajaran ngaregepkeun dongéng loba pisan téhnik pangajaran anu geus dipaké ku guru sangkan ngahontal tujuan tina pangajaran. Ilaharna nalika guru ngagunakeun métode ceramah, numutkeun Prof.Dr.Abin syamsudin Makmun,MA (2003 : 240-241) *terbatasnya kesempatan partisipasi siswa, dapat mendatangkan kejemuhan begitu juga kalau waktunya terlalu lama, seperti situasi yang kurang kondusif.*

Kagiatan ngaregepkeun dongéng mangrupa kagiatan komunikasi, ku sabab ngaregepkeun téh teu jauh béda jeung narima informasi. Sagala informasi bisa nyebar ku cara gampang tur gancang. Hal ieu taya lian dibantuan ku média citak jeung media elektronik.

Tangtu waé geus pada mikanyaho yén ngaregepkeun téh mangrupa salasihiji jandelana dunya, konci pikeun diajar. Hal éta disababkeun

ngaregepkeun miboga kauntungan anu kacida gedéna. Sawatara kauntunganana, nya éta ieu di handap :

- a) bisa nyangkem atawa meunangkeun informasi anu bisa dijadikeun bahan dina nyarita
- b) bisa leuwih akrab jeung téhnik-téhnik sarta sagala metode anu bisa digunakeun ku para panulis dina maparkeun gagasan;jadi;
- c) kucara ngaregepkeun oge bisa nambahan wawasan jeung élmu pangaweruh, anu asalna teu nyaho, anu asalna teu bisa jadi bisa.

Dumasar kana pedaran di luhur panalungtikan judulna : ***“Métode Sugéstopedia pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngaregepkeun Dongeng”*** (*Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas VII SMP Negeri 3 Tasikmalaya Taun Ajar 2011/2012*) perlu dilaksanakeun.

1.2. Watésan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Medar ngeunaan masalah ngaregepkeun lega teuing ambahanana, ku kituna dina ieu panalungtikan baris diwatésan ngan saukur medar ngeunaan cara ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng maké métode sugéstopédia wungkul.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan didadarkeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Naha métode sugéstopédia bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng.?
- 2) Kumaha kaparigelan siswa dina pangajaran ngaregepkeun dongéng saacan jeung saanggeus ngagunakeun métode Sugéstopédia di kelas VII SMP Negeri 3 Tasikmalaya kelompok kontrol jeung kelompok ékspérimén.?
- 3) Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa anu ngagunakeun métode Sugéstopedia dina pangajaran ngaregepkeun dongéng jeung kamampuh ngaregepkeun siswa anu narima pangajaran ngaregepkeun ku ngagunakeun métode konvensional (ceramah).?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan tujuanna pikeun nguji kamampuh siswa dina pangajaran ngaregepkeun dongéng maké métode sugestopédia.

1.3.2 Tujuan Khusus

Anu jadi tujuan khusus dina ieu panalungtikan, nya éta :

Sacara husus ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) cara ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina pangajaran ngaregepkeun dongéng maké métode sugéstopédia;

- 2) hasil ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII SMP Negeri 3 Tasikmalaya anu ngagunakeun métode sugéstopédia dina pangajaran ngaregepkeun dongéng jeung hasil kamampuh ngaregepkeun siswa anu narima pangajaran ngaregepkeun dongéng ku cara ngagunakeun métode biasa (métode ceramah konvénsional); sarta
- 3) nguji antara kamampuh siswa dina pangajaran ngaregepkeun anu ngagunakeun métode sugéstopédia (Kelompok Ékspérimén) jeung kamampuh siswa anu teu ngagunakeun métode sugéstopédia (Kelompok Kontrol).

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan téh ngabogaan dua mangpaat nya éta mangpaat sacara teoritis jeung mangpaat praktis pikeun nambahan pangaweruh dina widang sastra hususna ngaregepkeun dongéng. Anapon mangpaat anu dipiharep ku panalungtik, nya éta :

1) Mangpaat sacara teoritis

Mangpaat teoritis dina ieu panalungtikan nya éta bisa ngaronjatkeun kualitas hasil diajar siswa dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.

2) Mangpaat sacara praktis

a) Mangpaat keur Guru.

Hususna ka Guru basa Sunda nu dipiharep bisa leuwih mikanyaho deui kumaha kamampuh siswa dina ngaregepkeun dongéng.

b) Mangpaat pikeun siswa

ieu panalungtikan dipiharep bisa ngabantuan siswa ngungkulan kahéngkérangan-kahéngkérangan dina pangajaran ngaregepkeun utamana dina ngaregepkeun dongéng anu antuk na bisa mekarkeun minat siswa dina ngadongéng, sarta bisa nyiptakeun situasi anu kondusif pikeun siswa.

c) Mangpaat pikeun nu Nalungtik

Meunang gambaran ngeunaan kamampuh ngaregepkeun siswa dina kagiatan ngaregepkeun dongéng.

d) Mangpaat pikeun nu Maca

Dipiharep bisa méré informasi aya henteuna babandingan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng di kelas Eksperimen jeung kelas Kontrol.

1.5 Anggapan Dasar

Keur nalungtik jeung meunangkeun jawaban anu bener kana masalah dina nalungtik ieu, kudu diayakeun heula anggapan dasar salaku titik tolak dina landasan mikir jeung tindakan lanjutna. Dina panalungtikan ieu teh mibanda sababaraha anggapan dasar, diantarana :

a) Diajar leuwih efektif dina kaayaan tenang jeung pikaresepeun.

b) Méthode pembelajaran Sugéstopédia mangrupa méthode pembelajaran anu bisa méré rélaksasi jeung konséntrasi ka siswa sarta nyiptakeun situasi diajar anu kondusif.

- c) Dina pangajaran ngaregepkeun, hususna ngaregepkeun dongeng dibutuhkeun métode anu nyiptakeun situasi anu kondusif, métode jeung téhnik anu kreatif, variatif jeung narik ati pikeun ngaoptimalkeun gagasan anu baris diébréhkeun dina wangun ngaregepkeun dongéng.

1.6 Hipotésis

Dumasar kana naggapan dasar di luhur, baris dirumuskeun hipotésis dina ieu panalungtikan nya éta : “ *aya béda nu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa dikelasVII SMP Negeri 3 Tasikmalaya samemeh jeung sanggeus ngagunakeun métode sugéstopedia*”

1.7 Wangenan Operasional

Dina ieu panalungtikan baris ditétélakeun wangenan operasional tina ieu variable, nya éta :

- 1) Kamampuh ngaregepkeun numutkeun Kardana (1988:11-55) dina kaparigelan ngaregepkeun aya sababaraha kamampuh anu ngarojong kagiatan ngaregepkeun, nya éta : (a) kamampuh museurkeun panitén; (b) kamampuh nangkep sora basa; (c) kamampuh linguistik jeung kamampuh non linguistik; (d) kamampuh ngayakeun verifikasi atawa méré ajén; (e) kamampuh ngaréspon, jeung (f) kamampuh nginget-ninget.
- 2) Métode numutkeun pamadegan Arikunto (1998: 151) nya éta: *metode adalah cara yang digunakan oleh peneliti dalam mengumpulkan data penelitiannya.*

- 3) Méthode Sugéstopédia nya éta téhnik anu bisa dipaké pikeun méré sugésti positif nya éta diukna sing méré nah, nyetél musik anu bisa ngantebkeun latar nalika lumangsungna pangajaran, ningkatkeun partisipasi individu, maké media audio-visual pikeun nepikeun informasi, jeung nyadiakeun guru-guru anu parigel dina seni pangajaran sugestif.
- 4) Ngaregepkeun nya éta prosés ngadéngékeun, maham, jeung nyangkem eusi dongéng anu ditepikeun ku guru di kelas VII SMP Negeri 3 Tasikmalaya.
- 5) Dongéng nya éta carita rékaan (fiksi) anu eusina sok ngandung pamohalan tur ukuranna parondok. Ku kituna, dongéng anu dipake dina ieu panalungtikan nya éta dongéng sasakala anu judulna “Cau Manggala Aya Sikian”.
- 6) Studi kuasi ékspérimén nya éta panalungtikan pikeun ngukur kamampuh siswa anu maké méthode sugéstopédia di kélompok ékspérimén jeung siswa anu ngagunakeun téhnik konvensional di kélompok kontrol.